



Kisa ou ta dwe konnen sou

Vaksen, Tès, Trètman COVID-19, ak ou.

Vaksen, Tès, ak Trètman COVID-19 yo gratis pou Manm Medicaid yo.

- Medicaid Eta New York garanti anpil tès, vaksen, rapèl ak trètman COVID-19.
- Yo dwe gen apwobasyon oswa otorizasyon Food and Drug Administration (FDA).
- Sèvis COVID-19 yo gratis pou manm yo. Pwofesyonèl ak Famasi yo pa kapab fè w peye pou yo.
- Trètman yo kapab se medikaman tankou antikò monoklonal ak antiviral.
- Kontakte pwofesyonèl swen sante w oswa famasyon si w gen nenpòt kesyon konsènan vaksen, tès oswa trètman COVID-19.

Pou w jwenn plis enfòmasyon

- Pou kesyon sou pwoteksyon Fee For Service (FFS) Office of Health Insurance Programs (OHIP) Division of Program Development and Management (DPDM). Rele nan (518) 473-2160 oswa voye yon imèl nan FFSMedicaidPolicy@health.ny.gov.
- Pou kesyon sou pwoteksyon FFS famasi, kontakte Medicaid Pharmacy Policy Unit. Rele nan (518) 486-3209 oswa voye yon imèl nan PPNO@health.ny.gov.
- Pou Kesyon sou pwoteksyon Swen Kowòdone, kontakte plan sante Swen Kowòdone ou a.

Vaksen COVID-19 yo

Èske Medicaid Eta New York garanti vaksen COVID-19 yo?

Wi. Manm yo ka pran yon vaksen COVID-19 oswa yon rapèl gratis.

Ki vaksen yo garanti?

Yo kouvri tout vaksen ak rapèl yo. Yo dwe gen apwobasyon oswa otorizasyon FDA.

Ki kote mwen ka pran vaksen an?

Manm yo ka pran vaksen an nan biwo pwofesyonèl sante yo, famasi ak sant sante yo.

Ki sa pou m fè si mwen gen kesyon sou vaksen COVID-19 la?

Pwofesyonèl swen sante w la oswa famasyon w lan kapab reponn kesyon sou vaksen an oswa rapèl la.

Tès COVID-19 yo

Ki kalite tès yo garanti?

Medicaid garanti tès COVID-19, ki gen ladan yo kèk tès yo fè lakay. Li kouvri tès antijèn ak Reyaksyon an chèn polimeraz. Mande famasyon w oswa pwofesyonèl swen sante w la ki mak tès yo garanti.

Ki kote mwen ka fè tès la?

Ou ka fè tès nan biwo plizyè pwofesyonèl swen sante, klinik ak famasi. Ou ka fè tès la lakay ou tou. Manm yo ka fè tès la lakay yo apati yon famasi ki aksèpte Medicaid. Mande famasyon w lan. Ou ka jwenn tès yo fè lakay la gratis sou [COVIDtests.gov](https://www.health.ny.gov/contact/contact_information/), oswa atravè depatman sante konte w la. Jwenn depatman sante konte w la nan: https://www.health.ny.gov/contact/contact_information/.

Kilè mwen ta dwe fè tès la?

Centers for Disease Control and Prevention (CDC) di pou w fè tès la touswit si w gen nenpòt [sentòm COVID-19](#). Ou ta dwe fè tès la tou si w [ekspeze](#) a COVID-19.

Kisa pou m fè si rezilta tès mwen an pozitif?

Di pwofesyonèl swen sante w la si tès ou a pozitif. Yo ka ede w jwenn swen ou bezwen an. Yo ka ede tou si w kontinye santi w malad apre w fin gen COVID-19 la.

Trètman COVID-19

Èske Medicaid Eta New York garanti trètman COVID-19?

Wi, manm yo ka resevwa trètman COVID-19 gratis ak terapi ki gen apwobasyon oswa otorizasyon FDA.

Ki trètman COVID-19 yo garanti?

Medicaid kouvri antiviral ak antikò monoklonal. Yo dwe gen apwobasyon oswa otorizasyon FDA. Trètman yo ka ede kò w konbat viris la. Li enpòtan pou w di pwofesyonèl swen sante w la pi vit posib ke tès ou a pozitif. Yo ka ede w si w bezwen youn (1) nan trètman sa yo.

Ki kote mwen ka fè trètman an?

Pwofesyonèl swen sante w la ka di w ki kote pou w ale. Si ou pa gen yon Pwofesyonèl swen sante ki ka ede w, ale nan yon sant sante oswa lopital an ijans. [Test-to-Treat Sites](#) ofri tès ak trètman nan menm vizit la.